ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW, ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI
ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ MÁDENIYAT HÁM TURIZM MINISTRLIGI

ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ NÓKIS FILIALÍ

MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

ilimiy-metodikalıq jurnal

MUSÍQA VA SAN`AT AXBOROTNOMASI
Ilmiy-uslubiy jurnal
ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУССТВА
Научно-методический журнал

BULLETIN OF MUSIC AND ART
Scientificmethodical journal

№ 1

SHÓLKEMLESTIRIWSHI:

Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı

Bas redaktor: – Allanbaev Rudakiy, professor w.w.a
Bas redaktor orınbasarı: – Kamalova Dilfuza, filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD)
Juwaplı xatker: – Gúlmira Palwanova

REDKOLLEGIYA AǴZALARI:

Omonilla Rizaev – Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyatı institutı, professor w.w.a.
Hikmat Rajabov – Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı, professor w.w.a.
Sayyora Ǵafurova – Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası, professor
Oydin Abdullaeva – Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası, professor.
Qurbanbay Jarimbetov – Qaraqalpaq mámleketlik universiteti, professor.
Alima Berdimuratova – Qaraqalpaq mámleketlik universiteti, professor.
Ziyada Bekbergenova – ÓzR IA Qaraqalpaqstan bólimi, professor.
Oqilxon Ibragimov – Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı, professor.
Azizbek Turdiev – Ózbekstan Respublikası Oliy Majlis Senatmn jaslar, mádeniyat hám sport máseleleri komiteti baslıǵı orınbasarı, filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD).
Allanazar Ábdiev – Filologiya ilimlerinin kandidatı, Qaraqalpaqstan Respublikası xalıq jazıwshısı
Artıqbay Erejepov – Nókis qalalıq 1-sanlı balalar muzıka hám kórkem óner mektebi, pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD).
Janabay Marziyaev – Qaraqalpaq mámleketlik universiteti, filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent.
Iroda Mirtalipova – ÓzMK janındaǵı B.Zokirov atındaǵı MEKÓI, kórkem ónertanıw ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD).

JÁMIYETLIK KEŃES:

Baxtiyor Sayfullaev
Ozodbek Nazarbekov
Komoliddin Urinbaev
Dawıtbay Qurbaniyazov
Qalbay Turdiev
Najimatdin Muxameddinov
Najimatdin Ansatbaev
Gúlistan Annaqlicheva
Rayxan Saparova
Paraxat Mamutov

ISSN — 2181-4112

MAZMUNİ

Алланбаев Р. Миллий мәдеииятымызды раўажландырыў жолында және бир қәдем 3

MUZİKATÁNİW

Мамутов П.А. Замангөй музыка тәлим системасын жетилистириўде руўхыйлықтың орны 5
Пахратдинов Ш. Работа над произведением крупной формой 10
Sayidov T. D. Xonandalik ovozining fiziologik va akustik xususiyatlari 14
Мирталипова И.М. Ҳинд мусиқа назариясидаги товушқатор структураларига бир назар 16
Raimova D.M. O'rta Osiya musiqa cholg'ularining paydo bolish tarixi 20
Расулов М.М. Мусиқа, теле ва радио дастурларнинг муҳим компоненти ва композицион омили сифатида (тембр, темп, ритм, импульсивлик мисолларида) 23
Matyakubova U.G'. V-XV asrlar markaziy Osiyada musiqa madaniyatining nazariy asoslari 28

KÓRKEM ÓNER

Ражабов Ҳ.Ж. Арсланбай Нажимов ижодига бир назар... 33
Matimuratov S.E. Qaraqalpaq kompozitorı Kenesbay Abdullaev dóretiwshiligi haqqında 35
Qutekeeva R.A. Qaraqalpaq kórkem ónerinde Ilish Xojametovtıń tutqan ornı 39
Allaniyazov B.Q. Muzıka kórkem ónerinin bayteregi *(Kompozitor Najimatdin Muxammeddinovtıń ómiri hám dóretiwshiligi haqqında)* 44
Чаршемов Ж.А. «Қоблан» балетининг композицион хусусияти 48
Абдуллаева Ш.С. Труд все побеждает 57
Abatbaeva R.A. Qaraqalpaq kórkem ónerinde kompozitor Gayıp Demesinovtıń tutqan ornı 61
Палўанова Г.А. «Аязий» драмасында қаҳарман характерин сәўлелендириўдиц өзине тән қәсийетлери 65
Палўанова Г.А. Қарақалпақстанда театр режиссурасының пайда болыўындағы миллий дәреклер 68
Muxammeddinov Q. Milliy opera hám balet janrdagı tariyxıy shıgarmalar 71
Parmonov D.R. «Doira va urma zarbli cholg'ulari» musiqa san'atining yorqın namoyondasi 75
Каримова И.И. Традиции испольнения музыки Каракалпакского композитора Гаип Демесинова 78

ATQARİWSHİLİQ ÓNERI

Erejepov A.A. Baqsıshılıq kórkem ónerinde dóretilgen qosıq hám namalarını jaslar tárbiyasındagı áhmiyeti 83
Tnıbaev P.K. Dirijyorlıq kórkem ónerinin túrleri hám evolyuciyası 87
Шарипова А.Р., Сидикова А.М. К вопросу о фортепианном исполнительском искусстве в Узбекистане 92
Ayubov K.Z. Foniologiya va odam ovozi tasnifi 95
Ziyovutdinova Z.U. XIX asrning ikkinchi yarimida o'zbek xalq cholg'ulari ijrochiligi sohasidagi jiddiy o'zgarishlar 98
Dadaboyev X.M. Xalq cholg'ulari ansambllarini tashkil etish 100
Aliev N.G. Demli saz ásbaplar tariyxı, klassikalıq muzıka hám onıń búgingi kúndegi tutqan ornı 102

Saidxonov A.S. Cholg'u konsert janrı tarıxı va taraqqiyoti 105
Jumabaev A.E. Qaraqalpaq kórkem ónerinde xalıq namalı qosıqlarınm tutqan orm 110

MUZİKA PEDAGOGIKASİ

Xojanazarov T. Vokal pedagogikasındağı metodlardı zamanagóy pedagogikaga aylandırıw usılları 115
Ходжаметова Г.И. Задача обучения, воспитания и развития детей в музыкальной школе 117
Botirova X.T. Musiqa ta`limi pedagogikasida o`quvchi yoshlarni ma`naviy-axloqiy ta`lim-tarbiyasini shakllantirish 121
Saidumarov I. Ta`lim-tarbiya va shaxsning ma`naviy kamoloti xususuda sharq allomalarining qarashlari 124
Абдисултанов Ж.Дж. Болалар мусиқа ва санъат мактабларида «Мусиқа адабиёти» фанини ўқитишда инновацион ёнлашув 128
Матёқубов Э.Г. Мусиқада модулли таълим асослари 131
Najmetdinova N.I. Maktabgacha ta`lim tashkilotlarida bolalarning mustaqil musiqiy faoliyatining ahamiyati va mazmuni 137
Iseev R.A. Fortepiano páninin jáhán muzıka oqıw procesindegi áhmiyeti hám orm 141
Dauletbaev T.K. Milliy saz ásbaplarm mektep oqıwshılarma úyretiwdin áhmiyeti 145

JÁMIYETLIK-GUMANITAR PÁNLER

Бекбергенова З.У. Қарақалпақ халық дәстаны «Қырық қыз» ҳәм ҳәзирги қарақалпақ драматургиясы 150
Утепова Т.Б. Маданиятлараро мулоҳот таҳлиллари Европа олимлари назарида 153
Жумашева А.Х. Интерактивные приёмы и формы проведения практических занятий 159
Саденова Г.П. Қарақалпақ паремиологиясында жақсылық концепти 163
Mambetnazarov M.K. Xoja Axmet Yassawiy hikmetlerinin jaslar tárbiyasındağı áhmiyeti 166
Марзияев Ж.К. Мақаланың публицистикалық сыпатламасы 169
Камалова Д.Э. Шыгарма композициясында турмыс шынлыгын сәўлелендириў шеберлиги 171
Мамбетназарова Р.К. Идейно-тематические особенности жанр путешествия в Каракалпакской литературе *(на примере «Путешествия в пять стран по океану» Тажена Изимбетова)* 175

JAS IZERTLEWSHILER

Paxratdinov J.A. Kóp qırlı talant iyesi 180
Jumamuratova A.A. Qaraqalpaqstanda Opera janrmın tutqan orm 181
Muratbaeva A.A. Jaslardın muzıkalıq intellektın asırıwda muzıka sınshısı Gúlmaryam Kamalovanın orm 185
Orazalieva G.S. Gúllengen dáwirde — Jana namalar (Jamil Charshemov dóretpeleri haqqında) 186
Segizbaeva G.Q. Qaraqalpaqstanda dáslepki muzıkalıq drama janrmın payda bolıwı 188

МАҚАЛАНЫҢ ПУБЛИЦИСТИКАЛЫҚ СЫПАТЛАМАСЫ

Марзияев Ж. К.

Қарақалпақ мәмлекетлик университети

Аннотация: Бул мақалада журналистика тараўында қолланылатуғын жанрлардан бири болған мақала жанры ҳаққында пикир жүргизиледи. Сондай-ақ, мақала жанрының басқа жанрлардан айырмашылық тәреплери, стили ашып берилген. Соның менен бирге, мақаланың публицистикалық характери анализге тартылады, жуўмақлар шығарылады.

Таяныш сөзлер: Мақала, публицистика, жанр, характер, аналитика, жәмийет, машқала, стиль.

Аннотация: В данной статье рассматривается жанр статьи, который является одним из жанров, используемых в сфере журналистики. Также раскрываются особенности и стилистика жанра статьи, которые отличаются от друґих жанров. При этом анализируется публицистический характер статьи и делаются выводы.

Ключевые слова: Статья, публицистика, жанр, характеристика, анализ, общество, проблема, стиль.

Annotation: This article discusses the genre of the article, which is one of the genres used in the field of journalism. It also reveals the features and style of the genre of the article, which differ from other genres. At the same time, the journalistic nature of the article is analyzed and conclusions are drawn.

Keywords: Article, journalism, genre, description, analysis, society, problem, style.

Мақала жанры журналистика жанрлары ишиндеғи салмақлы жанрлардан бири есапланады. Жанр өзиниң жазылыўы ҳәм мазмунына қарай өз қағыйдаларына ийе. Әсиресе, жанрдың публицистикалық характери басым. Публицистика неғизинде жәмийет ушын әҳмийетли болған мәселелерге бағышланған материал болып, жәмийетте жүз берип атырған машқалаларды өз ўақтында сапластырыў мақсетинде жәмийеттиң өзине яки орталыққа алып шығыў арқалы оған шешим табыў болып есапланады. Ал, оны ҳәр қыйлы усылда алып шығыўы мүмкин. Мәселен, ғалаба куралларының қәлеген бир түри арқалы яки тиккелей сол субъекттиң өзи (публицист) халық алдында мүрәжат усылы менен. Рус изертлеўшиси В. В. Ученова «Публицистика – жәмийетлик-сиясий хызметтеғи анаў яки мынаў ҳәрекеттиң жәмийет ушын пайдалы яки зыянлы екенлиғи ҳаққындағы жуўмақ шығарыў керек екенлиғи ҳәм оны қысқа түрде сәўлелендириў болып есапланады» - деп тәрийинлейди. [1]. Усы көзқарастан бул берилген тәрийп, буны мақала жанры бираз жақынлатады. Ал, мақала сөзиниң тийкарғы мазмунына итибар беретуғын болсақ, ол араб тилинен алынған болып, бизиң тилимизде «айтылған сөз» мәнисин билдиреди. Яғный буны жүз берген ўақыя ҳәм ҳәдийселердиң баян етилиўи деп қабыл етиў мақсетке муўапық (Ж.М.). Бул атама журналистика тараўында көп ўақытлардан берли қолланылып, соның менен қатар көплеген илимпазлардың да қызықтырған темаларының бири болған.

Изертлеўши В. Дальдың түсиндерме сөзлиғинде келтириўинше: «Мақала – қандайда бир мақсетке бағдарланған үлкен болмаған шығарма». Д. Н. Ушаковтың редакторлығындағы «Түсиндирме сөзлик»те болса, ол күнделикли баспасөздеғи «кишкене көлемдеғи шығарма» деп келтирилген.

Мақала жанрының өзине тән қәсийетлеринен бири, бул оның терең публицистикалылығында. Мәселен, корреспонденция жанрында ўақыт ҳәм орын шекленген ўақыя тийкарында сөз жүритилсе, мақала жанрында ҳәдийсе кең ҳәм қысқа бериледи. Онда автор тәрепинен фактлер ҳәр тәреплеме салыстырылып, оларға терең анализлер жасалады ҳәм жуўмақлар шығарылады. Пикиримизди еле де айдынластыратуғын болсақ, корреспонденция жанрында қандайда бир

факт, машқаланың ишки мәселелери ҳаққында баян етилсе, мақаланың ўазыйпасы – айтылған ўакыяның жәмийеттиң басқа машқалалары менен байланысын анықлаў менен де белгиленеди.

Соның менен бирге, мақалада мазмун ҳәм форма бирлиги автордың сиясий билимине, дүнья қарасына ҳәм кәсиплик шеберлигине де тиккелей байланыслы болады. Ал, факт ҳәм ўакыяларға ҳеш бир субъектив ой ҳәм қыялый, пикир ҳәм сезимлерсиз ориғинал усылда қатнас жасаған мақул болады. Бул болса, белгили теоритик алым Е. Е. Прохоровтың айтқанындай «Кәсиплик шеберлик пенен публицисттиң идеал позициясының анықлығы – мақала жанрындағы публицистикалық сөздиң ҳақыйқатлығы ҳәм ҳәрекетшенлигиниң тийкарғы шәрти» [2] есапланады.

М. С. Черепахов редакторлығындағы рус алымларының жәмәәтшилиғи авторлығында жарыққа шыққан мийнетте «Мақала шекленбеген көлемдеги теория ҳәм улыўмалық фактлер тийкарында анализ етилген кең мазмундағы жуўмақ, көтерилген машқала» [3] - деп тәрийип бериледи.

Ал, публицистика теориясы тараўында бир қатар илимий жумыслар алып барған белгили өзбек алымы Р.Муҳаммадиев болса, өзиниң мақала ҳаққындағы пикирлерин былай билдиреди: «Мақалаларда жәмийетимиздиң материаллық ҳәм руўхый турмысындағы фактлер ҳәмде ҳәдийселер илимий тәрептен үйрениледи, онда белгили бир пикир избе-из раўажландырылады, тереңлестириледи, анық бир мәселе теориялық жақтан системаға салынып, дәлиленип ҳәм тәрийипленип бериледи» [4].

Ал, М. Худайкуловтың пикиринше: «Мақала деп жәмийет турмысының бир тараўы бойынша белгили бир мәселе, машқала көтерип шығылған публицистикалық материалға айтылады» [5]. Сондай-ақ, мақала жанрын мазмун - мәниси, темасы ҳәм жазылыўы нәзеринен теориялық ҳәм әмелий, илимий, әдебий – көркем, публицистикалық, жақсы ҳәм сын, юмор-сатиралық киби түрлерге бөлиў мүмкин» [5]. Демек, фактлерди ҳәр тәреплеме үйрениў, оларды терең анализ қылыў – мақала жанрының тийкарғы белгилеринен саналады. Сондай-ақ, изертлеўши мақаланы тематикасына қарай жәмийетлик-сиясий, экономикалық – ислеп шығарыўға бағышланған ҳәм мәдений-ағартыўшылық темаларға тийисли мақалалар деп те ажыратады. Ал, жазылыўы стили бойынша илимий, көркем-әдебий, публицистикалық, сатиралық ҳәм басқада түрлерге бөлинеди деп көрсетеди. Не болғанда да, мақаланың публицистикалық ҳәм аналитикалық характерин ҳеш қашан естен шығармаўымыз керек.

Бүгинги күндеги заманагөй баспасөз жанрлары бойынша бир қатар илимий жумыслар үстинде мийнет етип киятырған россиялы теоритик алым А. А. Тертычный болса, өзиниң баспасөз жанрларының классификациясына арналған мийнетинде мақала жанрын улыўма үш группаға яғный улыўма изертлеўши мақала, әмелий-анализли мақала ҳәм тартыслы мақала деп бөлип, оларды мысаллар менен тәрийплеп береди [6].

Жуўмақлап айтатуғын болсақ, мақаланың публицистикалық характери жәмийетлик турмыстағы барлық машқалаларды өз ўақтында үйренип барыў ҳәм сол арқалы ҳәр қандай машқаланың алдын алыў яки айдынлық киргизиў. Сондай-ақ, жәмийетшиликте бул көтерилген мәселе бойынша қандай да бир пикир оятыў арқалыда оған шешим табыў болып есапланады.

Пайдаланған әдебиятлар:

1. ***Ученова В.В.*** У истоков публицистики. Монография. – М.: Издательство МГУ, 1989. – С. 214.
2. ***Прохоров Е.П.*** Введение в теорию журналистику. Москва, Высшая школа, МГУ, 2006. – Б. 236.
3. ***Черепахов М.С.*** Проблемы теории публицистики. – М.: Мысль. 1973.
4. ***Мухаммадиев Р.*** Публицистика жанрлари. (Ўзбек газета ва журналлари материаллари асосида). Т., «Ўзбекистон», 1965. – Б. 61.
5. ***Ҳудойқулов М.*** Журналистика ва публицистика. Ўқув қўлланма. – Т.: «Университет». 2008. – Б. 154.
6. ***Тертычный А.А.*** Жанры периодической печати. Учебное пособие. – М.: Аспект Пресс, 2000. – С. 149-171.

7. ***Марзияев Ж.К.*** Мақала жанры ҳәм оның қәсийетлери // Әмиўдәрья. – Нөкис. 2009. – Б. 61-63.
8. ***Марзияев Ж.К.*** Роль и место публицистических жанров в современной каракалпакской печати // Вестник Челябинского государственного университета. № 6 (260). 2012. – Стр. 88-92.
9. ***Камалова Д.Э.*** Вопросы художественного мастерства в каракалпакских новеллах // International Journal of Central Asian studies (ISSN: 1226-4490). The International Association of Central Asian Studies. Korea University of International studies. Volume: 23. 2019. – С. 93-111.

ШЫҒАРМА КОМПОЗИЦИЯСЫНДА ТУРМЫС ШЫНЛЫҒЫН СӘЎЛЕЛЕНДИРИЎ ШЕБЕРЛИҒИ

Камалова Д. Э.

Өзбекстан мәмлекетлик консерваториясы Нөкис филиалы

Аннотация: Бул мақалада шыгарма композициясында әҳмийетли орын ийелейтугын турмыс шынлыгы ҳәм оның сәўлелениўинде жазыўшы шеберлиги мәселеси сөз етилген. Жазыўшы реал турмыс ўақыяларын өз шыгармасында образлы түрде көркем өзлестиреди ҳәм оның тәсиршеңлигин арттырыў мақсетинде өзиниң стильлик өзгешеликлеринен келип шыққан ҳалда баянлаў усылларын қолланады. Оны қай тәризде жеткерип бериў жазыўшының көркем шеберлигине байланыслы. Усындай мәселелер жазыўшы М. Таўмуратов дөретиўшилиги мысалында анализ етилген.

Гилт сөзлер: композиция, шеберлик, сюжет, жазыўшы, жанр, стиль, новелла, гүрриң.

Аннотация: В данной статье речь идёт о том, что важное место занимает композиция произведения и мастерство писателя в её отражении. Писатель художественно фиксирует в своих произведениях реальные жизненные события и для усиления их воздействия использует приёмы повествования, вытекающие из его стилистических различий. Как это передать, зависит от мастерства художника.Такие проблемы были проанализированы на примере творчества М. Таумуратова.

Ключевые слова: композиция мастерство, сюжет, писатель, жанр, стиль, новелла, рассказ.

Abstract: In this article we are talking about the fact that an important place is occupied by the composition of the work and the skill of the writer in its reflection. The writer artistically captures real life events in his works and, to enhance their impact, uses narrative techniques arising from his stylistic differences. How to convey this depends on the skill of the artist. Such problems were analyzed on the example of the work of M. Taumuratov.

Keywords: composition, skill, plot, writer, genre, style, novella, short story.

Ҳәр қандай жазыўшының индивидуаллыгы көркем шыгармага сиңдирилген мазмунның әҳмийетинде, композиция қурыў шеберлигинде, баянлаў ҳәм сөзлерди өз орнында пайдаланыўында, жеке стилинде айқын көзге тасланады. Жазыўшы реал турмыс ўақыяларын өз шыгармасында образлы түрде көркем өзлестиреди ҳәм оның тәсиршеңлигин арттырыў мақсетинде өзиниң стильлик өзгешеликлеринен келип шыққан ҳалда баянлаў усылларын қолланады. Оны қалай ҳәм қайтип пайдаланыў жазыўшының көркем шеберлигине байланыслы.

Дәўирдиң ҳәм жәмийеттиң раўажланыўы, адамлардың сана-сезиминиң өсиўи ҳәм өзгериўи көркем әдебиятта да бир қанша илгерилеўшиликке алып келди. Жазыўшылар сюжет дүзиўде бурынгыдай турмыс ўақыяларын әпиўайы, сада, ягный тек гана «объектив» сүўретлеп қоймастан, шыгармалардың композициясы әдеўир қурамаласты. Авторлар шыгарманың ҳәр бир бөлекшесине көркемлик хызмет жүклеп, сюжетти баянлаўға, қаҳарман психологиясын